



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 26 oktòb 2013

GOUVÈNÈ CUOMO FELISITE MANM LAGAD NASYONAL-DE-LÈ NEW YORK YO CHWAZI KÒM MANM LAGAD NASYONAL ANE A

Yo Chwazi Sèjan-Majò ki nan Long Island Pami 470.000 Manm Lagad Delè ak Lagad Nasyonal Lame

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te felisite Sèjan-Majò Lagad Nasyonal-de-Lè New York, Christopher Petersen USO te rekonèt kòm Manm Lagad Nasyonal Ane a pandan Gala anyèl li nan Washington D.C. yèswa. Petersen, ki sòti nan Commack, Long Island, se yon manm apentan 103yèm Eskadwon Sovtaj 106yèm Zèl Sekou. Li te youn nan sis manm sèvis USO te rekonèt. Rekonesans USO pou Manm Lagad Nasyonal Ane a, ki te bay sèvis pou twoup ameriken yo toupatou nan lemondan depi ane 1941, se yon gran lonè.

Gouvènè Cuomo di konsa, “Sou non tout Nouyòkè yo, mwen felisite Sèjan-Majò Christopher Petersen poutèt USO rekonèt li kòm Manm Lagad Nasyonal Ane a. Pandan sèvis li nan Afganistan, li te mete lavi li an danje pou sove twa kamarad Ameriken ki te anfas koutzam lennmi. Li merite rekonpans sa a toutbon epi li fè New York gen anpil fyète. Chwa li yon òganizasyon tankou USO fè se yon lonè tou pou tout manm Lagad Nasyonal New York. Mwen di li mèsi pou devouman li pou eta nou an ak peyi nou an.”

Petersen sou lis tou pou resevwa Etwal Bwonz avèk dispozitif Talan pandan yon seremoni nan mwa desanm nan F.S. Gabreski Air National Guard Base, nan Westhampton Beach. Rekonpans la, yo pral prezante tou ba senk lòt manm 106^{yèm} Zèl Sekou Lagad Nasyonal-de-Lè New York, ap rekonèt kouraj Petersen anba koutzam pandan yon misyon depasman medikal nan dat 10 desanm 2012 nan Afganistan.

Sèjan Petersen se te youn nan sis Avyatè sovtè-parachitis Lagad Nasyonal-de-Lè New York, ki te reponn lè kat Sòlda -- twa Ameriken ak yon Afgan -- te pran gwo chòk nan yon anbiskad toupre Kandahar, Afganistan. Petersen te ekspeze tèt li anpil fwa anba koutzam lennmi lè li t ap trete sòlda ki te pran chòk yo epi pwoteje yo kont koutzam k ap vini avèk pwòp kò li. Answit, Petersen te distenge tèt li souvan pandan li t ap mande fòmasyon sovtè-parachitis epi inite li, 106yèm Zèl Sekou ak Lagad Nasyonal-de-Lè New York te rekonèt li kòm Avyatè Ane a, akòz pwofesyonalis ak devouman li pou sèvis la.

Petersen di konsa, “Mwen t ap djòb mwen. Gen anpil lòt moun ki merite sa.”

Haitian Creole

Petersen te diplome nan Commack High School nan ane 2003, epi li te yon manm pwomosyon 2007 University of Notre Dame. Apre gradyasyon li, li te antre nan Ernst & Young kòm yon analis finansye, men li te kite djòb sa a nan mwa out 2008 pou antre nan Lagad Nasyonal-de-Lè kòm yon Avyatè sovtè-parachitis.

Sovtè-parachitis yo ki rele Anj-Gadyen, resevwa antrènman pou sove moun ki nan lanmè oswa nan tè lè yo itilize parachit nan oswa pou pran moun nan yon elikoptè. Yo se espè nan ti taktik inite, zam pou tire, operasyon ti bato, plonje soumaren, parachit nan altitud ki wo ak tout kalite sekou. Yo antrene tou pou bay sipò medikal epi yo gen ladrès pou siviv ak ladrès pou batay atè. Nan Afganistan, yo rele sovtè-parachitis tankou Petersen souvan pou fè misyon deplasman medikal anba koutzam.

Apre li te pran Fòmasyon nan Baz Militè Fòs-de-Lè nan Lackland Air Force Base, Texas, li te antre nan "liy" fòmasyon sovtè-parachitis ki bezwen pase Army Airborne School, Army Freefall School, fòmasyon plonjè nan batay nan Fòs-de-Lè, fòmasyon teknisyen medikal pou ijans nan Fòs-de-Lè, ak lekòl pou siviv nan Fòs-de-Lè ak fòmasyon nan Lamarin nan sòti nan yon avyon anba dlo. Li te fini pwogram fòmasyon enteresan an nan mwa janvye 2011.

Pandan li te nan Pararescue School, li te resevwa Charles D. King Award pou pi gwo pèfòmans akademik, Purple Heart Association Award, ak Jason D. Cunningham Award pou ekselans medikal.

Vis-Prezidan Egzekitif USO ak Chèf Ekip John I. Pray, Jr., di konsa, "Akòz kouraj Sèjan-Majò Petersen pandan li t ap sèvi nan Afganistan, twa sòlda vivan jodi a. Nan moman kritik sa yo, li te fè li posib pou twa kamarad li yo pou pataje plis moman espesyal avèk zanmi yo ak manm fanmi yo. San sipriz, USO gen anpil fyète poutèt nou kapab di mèsè pou Sèjan-Majò Petersen sou non tout Ameriken yo pou sèvis ak ewoyis san enterè li."

Pandan de deplwaman nan Afganistan, Petersen te sèvi nan plis pase 85 misyon konba. Petersen te di li te chwazi pou sèvi kòm yon manm atanplen Lagad Nasyonal-de-Lè paske li vle devlope ladrès militè li te fòme kòm yon sovtè-parachitis.

Li fè konnen, "Mwen te antre nan lame nan yon moman lagè epi sa ta move pou mwen santi mwen rete nan kanpe-lwen. Lè nou konnen moun nou al chèche oswa trete ki retounen lakay yo avèk fanmi yo ak zanmi yo sa enteresan anpil."

Petersen rete aktif nan kominote a, kote l ap travay avèk Boy Scouts of America, Wounded Warrior Project, "That Others May Live" Foundation, ak American Cancer Society.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

Haitian Creole